

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ngeunaan léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan, aya sababaraha anu bisa dicindekkeun.

1. Kapanggih aya Léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan nyoko kana tujuh unsur budaya, nyaéta (1) sistem organisasi sosial jeung kamasarakatan, (2) sistem pacabakan, (3) sistem peralatan tradisional jeung téknologi, (4) sistem élmu pangaweruh, (5) sistem basa, (6) sistem kasenian, jeung (7) sistem réligi. Tina hasil analisis data kana buku *Kakawihan Barudak Nyanyian Anak – Anak Sunda* meunang ngumpulkeun Atik Soepandi jeung Oyon Sofyan Umsari kapanggih aya 288 kecap anu kaasup kana léksikon budaya Sunda.
2. Dumasar kana hasil analisis data, kapanggih aya tujuh unsur budaya, nyaéta (1) sistem organisasi sosial jeung kamasarakatan nyoko kana rupa-rupa hal di antarana waé, pancakaki, idéntitas sosial (kalungguhan, sesebutan, gelar) kelompok umur, jeung babagian awak. Tina hasil analisis data kapanggih aya 41 léksikon sistem organisasi sosial jeung kamasarakatan. (2) sistem pacabakan nyoko kana rupa-rupa hal anu patali jeung rupa-rupa pacabakan saperti tani, dagang, pendidikan, perikanan, atikan jeung ibu rumah tangga. Tina hasil analisis data kapanggih aya 17 istilah sistem pacabakan. (3) sistem peralatan tradisional jeung téknologi nyoko kana rupa-rupa hal di antarana waé, 1) pakakas anu ngawengku pakakas dapur, pakakas tani, pakakas tukang, pakakas transportasi, pakakas kecantikan, alat tukar jeung pakakas ngajait; 2) pakarang (senjata), 3) wadah, 4) pakéan, 5) arsitéktur jeung 6) listrik. Tina hasil analisis data kapanggih aya 50 istilah sistem peralatan tradisional jeung téknologi. (4) sistem élmu pangaweruh nyoko kana rupa-rupa hal di antarana waé, 1) kadaharan, 2) sasatoan, 3) tutuwuhan, 4) alam jeung lingkungan, jeung 5) waktu. Tina hasil analisis data kapanggih aya 149 istilah sistem élmu pangaweruh. (5) sistem basa nu kapaluruh aya hiji data nu mangrupa babasan Sunda. (6) sistem kasenian nyoko kana rupa-rupa kasenian nu aya di

antarana waé, (1) seni tari, (2) seni rupa, (3) seni musik, (4) seni teater, jeung (5) seni sastra. Tina hasil analisis data kapanggih aya 18 istilah sistem kasenian. jeung (7) sistem réligi mangrupa sistem anu maluruh perkara kapercayaan urang Sunda dina kahirupan masarakat sapopoé umumna mah teu katinggali wujudna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 16 istilah sistem religi. Fungsi kakawihan anu kapanggih aya dua, nyaéta fungsi krétif (hiburan) jeung fungsi keur protes sosial kana pamaréntahan. Dumasar kana sifatna kakawihan téh kabagi jadi dua, nyaéta kakawihan anu marengan kaulinan barudak jeung kakawihan anu teu dibarengan kaulinan barudak.

3. Wangun léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan nyoko kana wangun léksikon budaya Sunda salancar, wangun léksikon budaya Sunda rundayan, wangun léksikon budaya Sunda rajékan jeung wangun léksikon budaya Sunda kantétan. Wangun léksikon budaya Sunda salancar disawang tina pola engangna kabagi jadi tilu pola diantaranya waé: (1) wangun léksikon budaya Sunda salancar dwi engang kapanggih aya salapan pola nyaéta, pola V-KV, pola VK-VK, pola VK-KVK, pola KV-V, pola KV-KV, pola KV-VK, pola KV-KVK, pola KVK-KVK jeung pola KVK-KV. (2) wangun léksikon budaya Sunda salancar tri engang kapanggih aya lima pola nyaéta, pola KV-KV-KVK, pola KVK-KV-KV, pola KV-KVK-KVK, pola KV-KV-KV jeung pola KVK-KV-KVK. (3) wangun léksikon budaya Sunda salancar catur engang kapanggih aya dua pola nyaéta pola KV-KV-V-KV jeung pola KV-KV-KV-KV. Wangun léksikon budaya Sunda rundayan nyoko kana opat pola rarangkén, rarangkén hareup (préfix), rarangkén tukang (sufiks), rarangkén barung (konfiks) jeung rarangkén gabung (ambifiks). Wangun léksikon budaya sunda rundayan dirarangkén hareupan (préfix) kapanggih dua pola nyaéta pola WLBS Rdy: ka- + KA jeung pola WLBS Rdy: N + KA. Wangun léksikon budaya sunda rundayan dirarangkén tukang (sufiks) kapanggih aya dua pola nyaéta pola WLBS Rdy: KB + -an jeung pola WLBS Rdy: KP + -an. Wangun léksikon budaya sunda rundayan dirarangkén barung (konfiks) kapanggih aya sapola nyaéta pola WLBS Rdy: ka- + -an. Wangun léksikon budaya sunda rundayan dirarangkén gabung (ambifiks) kapanggih aya sapola nyaéta pola WLBS Rdy: di- + -an. Wangun léksikon budaya Sunda rajékan nyoko kana léksikon budaya Sunda

rajékan dwipurwa (Rdp) jeung rajékan dwimurni (Rdm). Aya opat pola nu kapanggih nyaéta pola WLBS Raj: KP + Rdp, WLBS Raj: KB +Rdp, WLBS Raj: KB+Rdm-an jeung WLBS Raj: KB+ Rdp-an. Wangun léksikon budaya Sunda Kantétan nyoko kana dua pola nyaéta pola WLBS Kant: KB+KB jeung pola WLBS Kant: KB +KS.

4. Ma'na léksikon budaya Sunda nyoko kana harti léksikal anu dikandung ku léksikon budaya Sunda. Ma'na léksikon sarua hartina jeung ma'na léksikal minangka ma'na anu dikandung ku léksikon. Ma'na léksikon budaya Sunda sistem organisasi sosial jeung kamasarakatan, umumna nyoko kan opat hal nyaéta, (1) pancakaki, (2) identitas sosial (kalungguhan, gelar, sesebutan), (3) kelompok umur, jeung (4) babagian awak. Ma'na léksikon budaya Sunda sistem pacabakan, umumna nyoko kana hal nyaéta pacabakan, saperti (1) tani, (2) dagang, (3) pendidikan, (4) perikanan, jeung (5) ibu rumah tangga. Ma'na léksikon sistem peralatan tradisional jeung téknologi, umumna nyoko kana hal nyaéta (1) pakakas anu ngawengku (a) pakakas dapur, (b) pakakas tani, (c) pakakas patukangan, (d) pakakas transportasi, (e) pakakas kageulisan, (f) alat tukar jeung (g) pakakas ngaput; (2) pakarang (senjata), (3) wadah, (4) pakéan, (5) arsitektur jeung (6) listrik. Ma'na léksikon sistem élmu pangaweruh, umumna nyoko kana hal nyaéta (1) kadaharan, (2) inuman, (3) sasatoan, (4) tutuwuhan, (5) alam jeung lingkungan, sarta (6) waktu. Ma'na léksikon sistem élmu pangaweruh, umumna nyoko kana hal nyaéta (1) kadaharan, (2) inuman, (3) sasatoan, (4) tutuwuhan, (5) alam jeung lingkungan, sarta (6) waktu. Ma'na léksikon sistem basa, nyoko kana babasan. Ma'na léksikon sistem kasenian, umumna nyoko kana hal nyaéta (1) seni tari, (2) seni rupa, (3) seni musik, jeung (4) seni teater. Ma'na leksikon sitem réligi umumna nyoko kana hal nyaéta (1) pangeran (Holik), (2) utusan pangéran, (3) tempat sakral, (4) mahluk gaib, (5) kapercayaan.

5.2 Implikasi

Téks Kakawihan salaku tradisi lisan miboga mangpaat pikeun ngalegaan kosa kecap jeung bisa tuluy ngawariskeun basa Sunda ka anak incu. Cukup ku cara ngawariskeun budaya-budaya local saperti kakawihan tangtu bisa tuluy mekarkeun budaya.

Ieu tulisan dipiharep pisan bisa ngajembbarkeun pangalaman, pangaweruh jeung wawasan ka budak sakola, guru jeung umumna masarakat ngeunaan léksikon budaya Sunda, aspék étnolinguistik, jeung téks kakawihan. Dina kahirupan kiwari basa jeung budaya Sunda geus langka digunakeun, ku kituna ngaliwatan budaya basa Sunda tuluy dipaké dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan, aya sababaraha hal saran anu ku panalungtik bisa ditepikeun, diantarana nyaéta:

- a. Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan léksikon budaya Sunda dina produk budaya anu séjén saperti sisindiran, carita pantun, kakawihan, kawih, jsté.
- b. Panalungtikan ngeunaan léksikon budaya Sunda masih kenéh kudu dimekarkeun jeung dironjatkeun.
- c. Perlu ayana panalungtikan anu leuwih jero medar perkara patalina basa jeung budaya.
- d. Panalungtikan ieu bisa jadi alternatif pikeun bahan ajar jeung pikeun bahan bacaan disakola.